ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№189 (23.347) ● 2016 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 28, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал IуэхущIапIэхэм

## Лэскэн щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр Инжыджокъуэ Сэфарбий егъэзащIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и чэнджэщэгъуу зэрагъэувам къыхэкIыу, Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и дыгъуасэрей сессием администрацэм и Iэтащхьэ къулыкъур АфIэунэ Аслъэн щыщхьэщахащ. ЩIыналъэм и унафэщIым и къалэнхэр игъэзэщIэну пщэрылъ щащIащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэу лэжьа Инжыджокъуэ Сэфарбий.

Инжыджокъуэ Сэфарбий Мухьэмэд и къуэр 1975 гъэм щIышылэм и 28-м Арщыдан къуажэм къыщалъхуащ. Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и учет-экономикэ, и медицинэ факультетхэр къиухащ.

1999 гъэм Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм лэжьэн щыщIидзащ. 2003 - 2015 гъэхэм Арщыдан къуажэ администрацэм и Iэтащхьэщ, УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм - Къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Тхьэмадэм и чэнджэщэгъущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



● Узыншагъэ

## IэщIагъэлI пажэхэр кIэлъоплъ

**КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэмкIэ и щIыналъэ центрым дыгъуасэ конференц щекIуэкIащ. Абы хэтащ ДэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, Склифосовскэм и цIэр зезыхьэм, Лъынтхуэ узыфэхэмкIэ и центрым и унафэщI Петриков Сергей, зи щхьэ куцIым лъыр тэмэму щыземыкIуэ сымаджэхэм щакIэлъоплъ неврологие къудамэм и нэхъыщхьэ Рамазановэ Ганипэ, Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрым и УЗИ-IуэхущIапIэм и унафэщI Халидовэ Лайлэ сымэ.**

ДОХУТЫРХЭР еплъащ Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэмкIэ и центрым и сымаджэ нэхъ хьэлъэхэм, апхуэдэу инсульт зиIэхэм зэреIэзэну щIыкIэмкIэ медицинэм щIэуэ къыхыхьа IэмалыщIэхэм теухуауэ лекцэ къеджащ. Зи гугъу ящIар тромболитическэ терапие Iэмалым и къэгъэсэбэпыкIэр егъэфIэкIуэнырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Лъынтхуэ узыфэхэмкIэ и щIыналъэ центрым и лэжьыгъэм и гугъу щищIым, Петриков Сергей къыхигъэщащ абырэ я IуэхущIапIэмрэ зэпыщIэныгъэ быдэхэр зэраIэр, мыбы сымаджэхэм фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыщагъуэтыр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Асанов Алим хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ щIыналъэм узыншагъэр хъумэн и IэнатIэм сытым дежи гулъытэ къызэрыхуащIым папщIэ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

● Бахъсэн щIыналъэ

## Къуажэ унафэщIхэмрэ советхэм я депутатхэмрэ щыхах

**Бахъсэн щIыналъэм и къуажэ 13-м щIыпIэ самоуправленэмкIэ я советхэм япэ къызэгъэпэщыныгъэ зэIущIэхэм щыщIадзащ.**

IУЭХУГЪУЭ нэхъыщхьэхэм ящыщщ жылагъуэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советхэм я унафэщIхэм я къуэдзэхэр, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советхэм я депутатхэр Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым зэрыхахынум теухуахэр.

Муниципалитетым и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн зэIущIэ псоми хэтщ.

Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и хэхакIуэ комиссэм и протоколым и тхылъымкIэ депутат гупыщIэр къащтащ.

Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм къадэкIуэу, Кыщпэк, Бахъсэнёнкэ къуажэхэм щекIуэкIа зэIущIэхэм уэм зэрапэщIэтыну Iэмэпсымэ къызэрагъэпэщын... къызэрагъэпэщэхуну щIыкIэми щытепсэлъыхьащ. ЩIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн абы зэпкърыхауэ къытеувыIащ.

Кыщпэк, Бахъсэнёнкэ, ПсыкIэху къуажэхэм я Iэтащхьэхэр зэдэарэзыуэ я къулыкъум къытранэжащ. Депутатхэм я советым и унафэкIэ, Бахмат Галинэ Кременчуг-Константиновскэ жылагъуэм и Iэтащхьэу хахащ.

Бахмат Галинэ Владимир и пхъур 1966 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм щыщ колхозхэт унагъуэм къыщалъхуащ. 1982 гъэм 8-нэ классыр къиухри, Налшык педучилищэм класс нэхъыщIэхэм я егъэджакIуэхэмрэ пионервожатэ нэхъыжьхэмрэ щагъэхьэзыр и къудамэм щеджащ. 1986 гъэм къыщыщIэдзауэ иджыри къэсыху Кременчуг-Константиновскэ къуажэ курыт школым класс нэхъыщIэхэм егъэджакIуэу щылэжьащ.

БынитI иIэщ.

Къулъкъужын Ипщэ, Къулъкъужын Ищхъэрэ, Куба, Къубэ-Тэбэ къуажэхэми апхуэдэ зэIущIэхэр нобэ щекIуэкIынущ.

**УЛЫМБАЩ Лерэ.**



● Нобэ Адыгэ фащэм и махуэщ



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КIЫЩОКЪУЭ Алим

## Адыгэ цей

Щыгъащ си адэм сэ цеищхъуэ,
Хьэзыр Iупэхур сэ сощIэж;
А цейр си анэм и IэщIагъэт -
Идыфырт, ищIмэ гукъыдэж.

Адэр шым шэсым - и щыгъыну,
Хьэзыр къэсыхуи зы гыныгъуэт,
Гъуэгуанэ дапщэ зэпичами,
Уанэгу зэрысыр и щIэщыгъуэт.

ЗэIущIэм кIуэми, вакIуэ дэкIми -
И цейр хуэфIыпсмэ, щыгуфIыкIырт.
Е джэгум щIалэр щызэхуэсми
Цей зыщымыгъыр къыдэмыкIт.

Гублащхьэм дэсми лэжьакIуэшхуэу
Е инэралуи ар къэлъытэ,
ЦIыхубз IэщIагъэу цейр щымыгъмэ,
Гуп яхэмыхьэт мыукIытэу.

Iэпкълъэпкъ гъэдахэт а щыгъыныр,
И цеймкIэ лъэпкъыр хэтми къащIэрт.
ЯукIыпауэ лIы къашэжмэ,
Ипхъуат и нэкIум и цей къуащIэр.

ЛIэщIыгъуэ дапщэ екIуэкIами,
ЦIыхубзхэм дежкIэ цейр IэщIагъэт.
Ара си гугъэщ нобэ къэси
А цейр лъэпкъ псоми щIыщатIагъэр.

*Адыгэ фащэм теухуа тхыгъэхэм фыкъыщеджэ 4-нэ напэкIуэцIым.*

● КъБКъУ

## Адыгэбзэ яджынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэмрэ Сирием, Иорданием щыщ ди лъэпкъэгъу студентхэмрэ я зэIущIэ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар ныбжьыщIэхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэр, еджэным зэрехъулIэр Хасэм хэтхэм зрагъэщIэнырщ, апхуэдэу зыIууэ гугъуехьхэр зэфIэхынымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунырщ.**

СТУДЕНТХЭМ яхуэзащ Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэпащIэ Ниязи, абы и секретарь нэхъыщхьэ Щэныбэ Рози, Сирием, Иорданием щыпсэу хэхэс адыгэхэм я лIыкIуэхэу Бырсекъуэ Орфан, НэпIащэ Ахьмэд, Жанбэч Зэхьир, КъБКъУ-м егъэджэныгъэ IуэхухэмкIэ и проректор Къэжэр Артур, хамэ къэрал щыщ еджакIуэхэм ядэлэжьэнымкIэ къудамэм и деканым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Тату Талин, абы и къуэдзэ БжэныкIэ Артур, егъэджакIуэхэр.

Къэжэр Артур къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ Тыркум, Сирием, Иорданием къикIа студентхэр зыгъэгумэщI Iуэхухэм тепсэлъыхьыну Iэмал зэрыратам папщIэ. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, апхуэдэ зэIущIэхэр сэбэп хъунущ егъэджэныгъэм къыхэкI Iуэху зэIумыбзэхэр и чэзум зэфIэхынымкIэ.

Ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэр зыщыгуфIыкIа хъыбар гуапи къаIэрыхьащ а махуэм. Университетым и унафэщIхэм къыхалъхьащ абыхэм я программэм адыгэбзэр щадж сыхьэтхэр хагъэхьэну. Иджы а студентхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрызрагъэгъуэтым къыдэкIуэу, я анэдэлъхубзэри нэхъыфIу зэрагъэщIэну Iэмал яIэщ.

- Хамэ къэрал къикIа ди лъэпкъэгъу адыгэу КъБКъУ-м щIэсхэм, къыхаха IэщIагъэм емылъытауэ, зэреджэну зэманым кърииубыдэу адыгэбзэри зрагъэщIэнущ. Абыхэм а предметымкIэ зачётхэри экзаменхэри ятынущ, шэч хэмылъуи, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр бзэр нэхъыфIу ящIэнымкIэ сэбэп хъунущ, - къажриIащ журналистхэм Тату Талин.

А жэрдэмыр ДАХ-ми студентхэми даIыгъащ.

ЗэIущIэр гуапэу екIуэкIащ, студентхэм зыхуей упщIэхэмкIэ хьэщIэхэм зыхуагъэзащ.

**УЭЛДЖЫР Аринэ**,
*КъБКъУ-м и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*

● ХъыбарегъащIэ

## ПсэукIэ зэпэщым и лъабжьэ

**Зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэу Кавказ Ищхъэрэм исхэм я творчествэмкIэ хэгъуэгу зэхуаку фестиваль Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ.**

«ПСОМИ зэхуэдэ Iэмалхэр яIэныр псэукIэ зэпэщым и лъабжьэщ» къыхуеджэныгъэм щIэт форумыр илъэс ещанэ хъуауэ йокIуэкI. Мы гъэм чэзур ди республикэм къылъысащ. Абы къыщызэрагъэпэщыну зэIущIэхэм, «стIол хъурейхэм» зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэр жылагъуэм зэрыхашэну IэмалхэмкIэ щызэдэгуэшэнущ, фестивалым зэрызрагъэужьыну я мурадхэм щытепсэлъыхьынущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



● ГуфIэгъуэ зэIущIэхэр

## Урысей энергетикэм и лъагъуэхэш

**Бахъсэн ГЭС-м и япэ агрегатыр зэраутIыпщрэ илъэс 80 зэрырикъур фокIадэм и 23-м абы и хэщIапIэм щагъэлъэпIащ.**

ГИДРОЭЛЕКТРОСТАНЦЫМ и псэуалъэхэмрэ «Бахъсэн ГЭС-р илъэс 80 ирокъу» сурэт гъэлъэгъуэныгъэмрэ еплъыну зэхуэсат КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, муниципалитетым, «Рус Гидро» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм, энергетикэ компаниехэм я къудамэхэм я унафэщIхэр, электроэнергетикэм и ветеранхэр.

ГуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэм хыхьэу, Бахъсэн ГЭС-м и япэ унафэщIу щыта Хъурей Ахьмэд Алмырзэ и къуэм и щIыхькIэ, унэ нэхъыщхьэм и блыным мемориал пхъэбгъу кIэралъхьащ. ИужькIэ, я юбилейм, апхуэдэу проектыр зыгъэхьэзырахэм, станцыр зыухуахэм, зыгъэлэжьахэм, зауэ лъэхъэнэ хьэлъэм зыхъумахэм, зэфIэзыгъэувэжахэм я фэеплъу, я IэщIагъэлIхэм я къарукIэ зэрагъэпэщыжа псыутхыщIэр, хьэщIэхэм я Iэгуауэм щIэту къызэIуахащ. Красноярск гидроэлектростанцым и турбинэр зыгъэлажьэ шэрхъхэр къызытращIыкIар псыутхым и кум хагъэува, 1962 гъэм Бахъсэн ГЭС-м и япэ гидроагрегатым щагъэунэхуа шэрхъым хуэдэщ. Данэ лентI плъыжьыр запаупщIа нэужь, «Рус Гидро» ПАО-м и унафэщIхэмрэ хьэщIэхэмрэ псыутхым хуэкIуэ гъуэгум ибгъухэм туе жыгыщIэхэр щагъэтIысащ.

Бахъсэн ГЭС-р зыухуа ветеранхэм псалъэм гуапэ куэд жаIащ. Щылэжьа илъэсхэр ягу къагъэкIыжурэ, станц цIэрыIуэм и нобэрей щытыкIэмрэ и зэфIэкIымрэ зэпалъытырт, и лъэщагъым иригушхуэрт.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр къызэIуихащ «РусГидро» ПАО-м и унафэщIым и япэ къуэдзэ Богуш Борис:

- Бахъсэн ГЭС-р урысей энергетикэм и лъагъуэхэшщ. ЩытыкIэ гугъум щэнейрэ къиихутами, щIыхь пылъу ахэр къызэринэкIауэ нэхурэ хуабэрэ къытхуехьри, IэщIагъэлI гъуэзэджэхэм я фIыгъэкIэ иджыри дяпэкIэ куэдрэ тхуэлэжьэнущ, - къыхигъэщащ абы.

Я махуэмкIэ ехъуэхъуу хьэщIэ лъапIэхэм «Рус Гидро» ПАО-м, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Бахъсэн щIыналъэ администрацэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр ГЭС-м и лэжьакIуэ пашэхэм иратащ.

ЗэIущIэ нэужьым ветеранхэм шыгъупIастэ Iэнэ къыхуащтащ.

**ЧЫЛАР Аринэ.**



● Ухуэныгъэ

## ПсэупIэ унэхэм къахохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым статистикэмкIэ и IуэхущIапIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, 2016 гъэм дызэрытехьэрэ ди республикэм ухуэныгъэ лэжьыгъэу сом меларди 5 и уасэ щызэфIахащ. Ар ипэ ита илъэсым щыIам нэхърэ процентI 10-м нэблагъэкIэ нэхъыбэщ.

Предприятэхэмрэ организацэ щхьэхуэхэмрэ мы гъэм зэрыщIидзэрэ КъБР-м фэтэрыщIэу 1322-рэ щаухуащ. Ар метр зэбгъузэнатIэу мини 160,4-м нызэрохьэс икIи нэгъабэ яухуа псэупIэ объектхэм проценти 10,8-кIэ щIегъу. Ухуэныгъэхэм ящыщу метр зэбгъузэнатIэ мин 61-р къуажэхэм щащIащ. Ари илъэс кIуам ятам нэхърэ тIукIэ нэхъыбэщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## НОБЭ

**♦Адыгэ фащэм и махуэщ**
**♦ХьэщхьэрыIуэ узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**
**♦Атом промышленностым и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**1618 гъэм** дунейм щыяпэу Брюссель ломбард къыщызэIуахащ.
♦**1773 гъэм** Пугачёв Емельян зи пашэ мэкъумэшыщIэ зауэм, 1775 гъэ пщIондэ екIуэкIам, щIидзащ.
♦**1953 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Япэ секретару хахащ Хрущёв Никитэ.
♦**2009 гъэм** Индием и хьэрш аппарат Chandrayaan-1-м Мазэм псы зэрыщыIэр къиxутащ.
♦**2010 гъэм** УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ Москва къалэм и Iэтащхьэ Лужков Юрий дзыхь зэрыхуамыщIыжым къыхэкIыу и къулыкъум къытегъэкIыным теухуа унафэм.
♦Урысейм и Правительствэм и УнафэщIу щыта **Черкасский Алексей** къызэралъхурэ илъэс 336-рэ ирокъу.
♦Франджы тхакIуэ цIэрыIуэ **Мериме Проспер** къызэралъхурэ илъэс 213-рэ ирокъу.
♦Совет тхакIуэ, литературовед, теленэтынхэр езыгъэкIуэкIыу щыта, СССР-м и цIыхубэ артист, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **Адроников Ираклий** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.
♦Ленинград дэт Драмэ театр иным и режиссёр нэхъыщхьэу щыта, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным, Сталиным я цIэхэр зезыхьэ саугъэтхэр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зрата **Товстоногов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Италием щыщ актёр цIэрыIуэ **Мастрояни Марчеллэ** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦ Конструктор-модельер, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **СтIащ Юрий** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Дагъыстэнми Ингушми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бетыгъуэн Iэуес** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 14, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Джэгур уджкIэ яух.**

**ХЪУАЖЬ Фахъри:** # Уи сабийр нэхъыфIым хуэкIуэну ухуеймэ, япэ

# Гур здэщыIэм псэр мэкIуэж

*Теолог, егъэджакIуэ, юрист, зэдзэкIакIуэ, журналист Хъуажь Фахъри IэщIагъэ куэдым хуэIэижьщ, ауэ ар хэзыIэтыкIыу бгъэдэлъ хьэл-щэн нэхъыщхьэр адыгэгу зэриIэрщ. И гупсысэ зэрызэфIэувэрэ къызыхэкIа лъэпкъым хуолажьэ, абы игу хуэмыгъуэу, хуэпэжу, и гуфIэгъуэр диIэтрэ и гузэвгъуэр дигуэшу. Фахъри зэрыадыгэм щыхьэт техъуэр утыкухэм щыжиIэ псалъэ дыгъэлхэракъым, ар къызыхэкIам хуэфащэ адыгэлIу зэрыщытыр и псэукIэкIэ, IуэхущIафэкIэ уи фIэщ ещIыф. Хъуажьым и Iэдакъэ къыщIэкIащ лъэпкъыр зыщыгуфIыкIын лэжьыгъэ куэд. Хэхэс цIэм и дыджагъыр, хэкурыс псэукIэм и IэфIагъыр зыгъэунэхуа ди лъэпкъэгъум гъащIэм дерс, Iущыгъэ куэд къыхихащ. ЗылI ищIэн Тыркум щызэфIигъэкIыу илъэс зыбжанэ ипэкIэ адэжь хэкум къэIэпхъуэжа Фахъри лъэпкъ Iуэхум хуэжыджэрщ, къызыхэкIам хуищIэмкIэ зимыгъэнщIу мэпсэу, и гупсысэр абы хуэгъэза зэпытщ.*

*Истамбыл дэт Ислъам институт нэхъыщхьэр, Къэралыгъуэ-жылагъуэ IуэхухэмкIэ Тыркумрэ Курыт КъуэкIыпIэ хэгъуэгухэмрэ я институтым и магистратурэр, Истамбыл университетым и юридическэ факультетыр къиухащ абы.*

*Истамбылрэ Анкарарэ щызэхэт Адыгэ Хасэхэм илъэс 40-кIэ жыджэру щылэжьащ. Анкара щыIэ Кавказ Хасэм (иджы Черкес Хасэм) и тхьэмадэу тхуэнейрэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ зэхыхьэгъуэм вице-президенту щыхахауэ щытащ. Анкара дэт Кавказ-Адыгэ Хасэм адыгэбзэ щригъэджащ.*

*Истамбыл щыIа уней академием и еджакIуэхэм я Iуэхум кIэлъыплъ бюром, Тыркум ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм щылэжьащ, Истамбыл дзэ къулыкъу щрихьэкIащ. Анкара дэт лицейхэм динымрэ щэныфIагъымрэ хуригъаджэу, апхуэдэуи зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ сабий зеиншэхэмрэ я хэщIапIэм уэчылу щылэжьащ.*

*ИужькIэ хэкум къигъэзэжри, Адыгейм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым уэсмэныбзэмкIэ, тыркубзэмрэ адыгэбзэмкIэ и щIэныгъэлI пажэу, «Адыгэ макъ» газетым и корреспонденту, Адыгэ къэрал университетым диным, хэхэс адыгэхэм я тхыдэмкIэ и егъэджакIуэу лэжьащ.*



*Фахъри IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрихъуэкIами, сыт щыгъуи адыгэ Iуэхум, лъэпкъым хуэпэжу къогъуэгурыкIуэ. А лъагъуныгъэращ ар и адэжь хэкум къэзышэжар.*

*Лъэпкъ литературэр, тхыдэр зыгъэбеин лэжьыгъэхэр адыгэбзэм къригъэзэгъащ, адыгэ тхакIуэ куэдым я IэдакъэщIэкIхэр тыркущIэджыкIакIуэм и пащхьэ ирилъхьащ. Тыркубзэк Iэ зэридзэкIахэм ящыщщ КIэрашэ Тембот и «Шапсыгъ пщащэ», Щхьэлахъуэ Iэбу и «ЛIыхъужь мафIэ», Лъостэн Исуф и «ЩауэкIасэ и хъыбархэр» тхыгъэхэр. Мэт ВынатIэкъуэ Юсыф-Иззэт-пэщэ и «Кавказым и тхыдэр», Хьэгъур Ахьмэд и «Кавказ напэр» уэсмэныбзэм кърихри, иджырей тыркубзэм кърigъэзэгъащ.*

*Фахърирэ и щхьэгъусэ Къардэн Дуриерэ щIалитIрэ хъыджэбзитIрэ яIэщ. Я щIалэ нэхъыжь Нэсыж и ныбжьыр илъэс 40-м нэблэгъащ, бынунагъуэщ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Бостон къалэм дэт университетым инджылызыбзэм щыхурегъаджэ. Нэсыж япэ илъэсихым адыгэбзэкIэ фIэкIа псэлъакъым, абы иужькIэ тыркубзэр псынщIэу къищтащ. Тыркум инджылызыбзэмкIэ щрагъэкIуэкIа зэпеуэм абы къытекIуэн къахэкIакъым. ЗэфIэкI лъагэхэр къэзыгъэлъэгъуа щIалэм США-м аспирантурэри докторантурэри къыщиухащ. ЩIалэм и ехъулIэныгъэхэр и анэдэлъхубзэр фIыуэ ищIэу къызэрыхъуам и фIыгъэу къелъытэ Фахъри.*

*Нэсыж къыкIэлъыкIуэр Нэжанщ. Тыркум и университет нэхъыфIхэм ящыщ зыр къиухащ а пщащэм, ухуакIуэ-инженерщ. США-м и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ - магистратурэмрэ докторантурэмрэ къыщиухащ. Езыр зыщIэса университетым щрегъаджэ. Унагъуэщ, убых нысэщ.*

*Ещанэр Нэхунэщ. Анкара дэт университетым абы социолог IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ. Истамбыл дэсщ, шапсыгъ нысэщ.*

*Быным я нэхъыщIэ Нэшэж инженер-геологщ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм магистратурэр къыщиухащ. Тыркум щолажьэ. Унагъуэщ.*

*Фахъри мы зэманым «Адыгэ псалъэ» газетым, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щолажьэ. Ди лэжьэгъум и ныбжьыр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащи, къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*





И адэ-анэр - Мухьэрэмрэ Алимэрэ.



**Фахъри и унагъуэм яхэсу.** *2013 гъэ*

**- Пенсэм утIысыжа иужькIэ адэжь хэкум ущыпсэуну укъэкIуэжа щхьэкIэ зыхуэбгъэувыж къалэнхэр нэхъ мащIэ хъуакъым. Адыгэм и тхыдэм иджыри утеубгъуауэ узэрыхуэлажьэм, уи жэщ-махуэ гупсысэм лъэпкъ Iуэхур зэрыщыпэрытым дыщыгъуазэщ.**

- Япэрауэ, си Хэку зэрызгъуэтыжам си псэр егъэпсэхури, абы гурыфIыгъуэ, гушхуэныгъэ, къару лей къысхелъхьэ. Уи Хэку уисыжу, уи анэдэлъхубзэкIэ уи лъэпкъ ухуэлэжьэным нэхъ тхъэгъуэ щыIэ?!

1978 гъэм щыщIэдзауэ хэкум сыкъакIуэ-сыкIуэжу сыщытащ. 1996 гъэм пенсэм сыкIуэри, Мейкъуапэ сыкъэIэпхъуэжащ. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ абы дэт институтым, «Адыгэ макъ» газетым, университетым сыщылажьэу си Iуэхухэр хъарзынэу зэтезухуат. АрщхьэкIэ, си зы щIалэмрэ зы хъыджэбзымрэ зэреджэм къыхэкIыу Тыркум къэзгъэнати, абыхэмкIэ си гур ныкъуэт. Арати, абыкIэ згъэзэжащ. Анкара уэчыл IуэхущIапIэ къыщызэIусхауэ сылажьэрт.

2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыплъыхьакIуэ сыкъэкIуауэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий сыхуэзэри, уэсмэныбзэкIэ тхауэ яIэ дэфтэрхэр яхузэздзэкIыну къызэлъэIуащ. Уэчыл Iуэхур тыкуэным хуэдэу зэуэ зэхуэпщIыж хъуркъым, къыпщыгугъ цIыхухэм я Iуэхур и кIэм нэбгъэсын е зыгуэрым къыхуэбгъэнэн хуейщ. Зы илъэс дэкIри, 2012 гъэм, иджы хуэдэу бжьыхьэ мазэу, сыкъэкIуэжауэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым сыщолажьэ. Нэгъабэрэ абы ипэ илъэсымрэ зэддзэкIахэр иджыпсту урысыбзэм ирагъэзэгъэну йолэжь. Пэжым ухуеймэ, уэсмэныбзэр адыгэбзэм къибгъэтIэсэну тыншкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы тыркубзэр, хьэрыпыбзэр, персыбзэр щызэхэзэрыхьащи. ЕтIуанэрауэ, дэ ди псалъэухахэр Iэмал зэриIэкIэ дгъэкIэщIмэ, уэсмэныбзэм зы напэм ит псори нагъыщэншэу, зэпыту къыщокIуэ. Абы и мыхьэнэр тэмэму къыбгурыIуэу хабзэ ткIийхэмкIэ псыхьа адыгэбзэм къибгъэзэгъэныр тыншкъым, урысыбзэ пщIыжыныр нэхъ гугъужщ. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу тхылъым и къыдэгъэкIыныр нэхъ кIыхьлIыхь хъуащ. ИджыкIэ етIуанэ тхылъым солэжь, ещанэри къыспэщылъщ.

**- Лъэпкъым и зыужьыныгъэм уи зэфIэкI ущымысхьыжу зэрепхьэлIэр нэрылъагъущ, ауэ хэкум укъызэрыкIуэжам ухущIезыгъэгъуэж щхьэусыгъуэ урихьэлIа?**

- 1968 гъэм Тыркум щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэм ди щхьэр тхъумэжын папщIэ хэкум дыкIуэжын хуейуэ тедухуауэ щытащ. Абы щыгъуэ журнал, газет къыдэдгъэкIырт, хасэхэм дыхэтт. АрщхьэкIэ, а Iуэхур мытыншу къыщIэкIащ, къуэпсыр щыбдза, благъэ-Iыхьлы, цIыхугъэ ущиIэ щIыпIэм зызэщIэпкъуэу укъикIыжыныр тыншкъым. Дэ дыкъэкIуэжыну дыкъыщIеIэр мыбы щыпсэухэм я гъащIэр нэхъыфIу, нэхъ зыхуей хуэзэу къытщыхъуу аратэкъым, атIэ ди хэкуу зэрыщытрат. ПсэукIэ нэхъыфI диIэну дыхуеямэ, Европэрат дыздэIэпхъуэнур. Хэкум мыхъумыщIагъэу щытлъагъури гуемыIуу ди нэгу щыщIэкIри зыхудогъэшэч, ар ди адэжь щIыналъэщи. ФIыуэ плъагъум и дагъуэхэракъым узэплъыр. Ауэ, шэч хэмылъу, ди хэкур ефIэкIуэну, зызыужьа къэралхэм ящыщ хъуну сыхуейщ. Пэжым ухуеймэ, совет лъэхъэнэм лъэпкъ Iуэхум теухуауэ мыбдежым щызэрахьэу щыта политикэр дуней псом щапхъэу ебгъэлъагъу хъунут.

Лъэпкъ мащIэхэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным хущIэкъуныр губзыгъагъэшхуэт. Абы сэ куэдрэ сытепсэлъыхьащ. Уи бзэ, уи хабзэ щызекIуэ щIыналъэм нэхъыфI сыт щыIэ?! Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, лъэпкъым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр иджы IэщIах зэпытщ. Школхэм щрагъэдж адыгэбзэм хухах сыхьэт бжыгъэхэр кIуэ пэтми ягъэмащIэ, ирамыгъэджыжыххэнкIи шынагъуэ щыIэщ. Нэхъ Iеижращи, езы лъэпкъри а псом хуэмеиж хуэдэ, жиIэIакъым. Фадэ Iэнэращ иджы адыгэбзэр нэхъыбэу щызэхэпхыжыр. Къэралыбзэу жаIэ пэтми, зы къэрал IуэхущIапIэ адыгэбзэр щызекIуэу срихьэлIакъым. Зы тхылъымпIэ адыгэбзэкIэ ятхыркъым, дауэ итIанэ ар зэрыкъэралыбзэр? Тыркуми тхьэмахуэм сыхьэтитIкIэ адыгэбзэр щыбджыну ухуитщ. Ар хамэ щIыгу пэтрэ, а сыхьэтитIыр тхьэмахуэм къарет. Мис ахэр си жагъуэ мэхъу. Абы къикIыркъым сэ хэкум сыхуэшхыдэу, сэ ди мыгъуагъэхэм сатепсэлъыхьу аращ, арыншэу дефIэкIуэфынукъыми.

**- Тырку литературэмрэ адыгэ литературэмрэ зэпэшачэу бгъэбеину узэрыхущIэкъум дыщыгъуазэщ. ЗэбдзэкI литературэр къызэрыхэпх щIыкIэм и гугъу уэзгъэщIынут.**

- АдыгэбзэкIэ тха псори сфIэгъэщIэгъуэнщ, сфIэдахэщ. Дэтхэнэ тхыгъэми езым и фIагъ хэлъыжщ. Сигу къыдыхьэ тхыгъэхэрщ тырку щIэджыкIакIуэхэми хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми езгъэщIэну сызыхуейр. Ауэ япэ дыдэ зэздзэкIауэ щытар хэкум къэгъэзэжыным теухуауэ Урысей Федерацэм щызекIуэ хабзэхэращ. Хэкум къэзыгъэзэжын мурад зиIэхэм я Iуэхур ящызгъэпсынщIэн, нэхъ тезгъэгушхуэн гуращэкIэ абы иужь сихьат. Абы къыкIэлъыкIуащ адыгэбзэкIэ тхэкIэ, еджэкIэ зэрызрагъэщIэну тхылъыр. Апхуэдэу дерс щхьэхуэхэр къызэзгъэпэщри, цIыху щитIым щIигъум адыгэбзэкIэ тхэкIэрэ еджэкIэрэ хъарзынэу езгъэщIат. МэшбащIэ Исхьэкъ и «Ирахуахэр» романыр дэ нэхъ къыдэхьэлIауэ, тхыдэм къытещыж Iуэхур и лъабжьэу зэрыщытым папщIэ зэдзэкIат, иджы «Хэхэсхэм» солэжь, Тхьэм жиIэмэ, етIанэгъэ къыдэзгъэкIын мурад сиIэщ. Адыгейм сыщыщыпсэуам седжауэ щытащ Лъостэн Исуф и «ЩауэкIасэ и хъыбархэр» тхылъым. Абыи адыгэ гупсысэр зэрыщыпхрышар, ди лъэпкъым и щхьэм кърикIуар къызэрыщыгъэлъэгъуэжар сигу ирихьати, сфIэфIу зэздзэкIащ. Мис апхуэдэхэращ гулъытэ нэхъ зыхуэсщIыр.

**- А тхыгъэхэм щIэджыкIакIуэхэр дауэ къыпэджэжрэ?**

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ТыркумкIэ адыгэ критик диIэкъым иджыри. Щхьэж езым и Iуэху еплъыкIэ къызжеIэ, шэч хэмылъу. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ тхыгъэ зэрадзэкIахэм «адыгэм и тIасхъапIэр къыщIагъэщ, урысхэр тхыгъэм щыдреIэтей», жаIэу авторыр щагъэкъуаншэ срихьэлIащ. Апхуэдэ псалъэмакъхэри щыIэщ, ауэ сыт жаIэми, тхыгъэм еджэмэ, содэ.

**- Лъэпкъ къэс езым и гупсысэкIэ, образ къэгъэщIыкIэ иIэжщ. Ар дыщыпсэу дунейм, щIыуэпсым, дызыбгъэдэс лъэпкъхэм елъытауэ къыщIэкIынщ. Тыркум щыпсэу адыгэхэм я усэхэм ущеджэкIэ къагъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым, куэдкIэ нэхъ къулейуи къыщыпщыхъуи щыIэщ. Уэ дауэ уеплърэ а Iуэхум?**

- А жыпIэм пэжагъышхуэ хэлъщ. Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящыщу бзэр зыщIэжхэм яIурылъыр адэжьхэм хэкум здрахаращ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, бзэр зэрыкъабзэу къытIурынащ. Абы къыхэкIкIэ, дэ ди гупсысэкIэр пасэрей гупсысэкIэм нэхъ тохуэ. Хэкум щыпсэухэр урысыбзэм щIэплъурэ, абы зрагъэпщэурэ къызэрыгуэкI адыгэбзэм икIри, урысыбзэщIэкъу жыхуэтIэм хуэдэ хъуащ. Дэри тырку литературэм ижь къытщIимыхупIэ иIакъым, ауэ адэжьхэм къытхуагъэна гупсысэкIэм нэхъыбэу диту къызолъытэ.

**- Хэкур псэупIэ пхуэхъужыныр зэгуэр хъуэпсапIэу уиIами, иджы и жьэгу удэсщ. Хамэ щIыгуми адыгэбзэ щыпIурылъащ, иджыри аращ нэхъыбэу «узэрылъащэр». Бзэм и хъуаскIэр цIыхугухэм къыщыдгъэлындыжынымкIэ сыт тщIапхъэу къэплъытэрэ?**

- Бзэм и Iуэхур ди гур щIэузщ. Анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр ди цIыхухэм фIыуэ къагурыIуэну сыхуейщ. АнэдэлъхубзэкIэ сызэджэр адыгэбзэм и закъуэкъым - лъэпкъ къэс къыдалъхуауэ иIэ бзэрщ. Сэ анэдэлъхубзэр щхьэгъэпсу къызолъытэ. Компьютерым илъ программэм хуэдэщ анэдэлъхубзэр. Уи щхьэр анэдэлъхубзэкIэ гъэпсауэ щытмэ, итIанэ узыхуей бзэр пхузэгъэщIэнущ, узыщIэхъуэпс щIэныгъэр зэбгъэгъуэтыфынущ. Ауэ щхьэр анэдэлъхубзэкIэ гъэпса мыхъуамэ, сыт хуэдэ щIэныгъэри къэщтэгъуейщ. Сэ щапхъэу зыкъэзгъэлъэгъуэнщи, пэщIэдзэ еджапIэм сыщIэтIысхьэху тыркубзэкIэ зы псалъи сщIакъым. Абазэхэбзэт ди унагъуэм зэрыщыпсалъэри, сэри арат сIурылъыр. Тыркубзэр зэрызмыщIэм щхьэкIэ еджапIэм сыщIэтIысхьэну сымыдэурэ, сашэри сратащ. Си насып кърихьэкIри, егъэджакIуэ бэлыхь срихьэлIащ, абы тыркубзэр псынщIэ дыдэу сигъэщIащ. Иджы сэ тыркубзэкIэ сыщыпсалъэм деж сымытыркуу зыми я фIэщ пхуэщIынукъым, сыту жыпIэмэ, сэ ар сэзыгъэщIар а бзэр фIыуэ зыщIэ егъэджакIуэщи. Ар си адэ-анэм къызбгъэдалъхьамэ, абы я тыркубзэ нықъуэм хуэдэт сэри сщIэнур. Мазэ зытIущым тыркубзэм и кIапэр къэзубыдри, къыздеджэхэм япэ симыщамэ, яужь сыкъинакъым. Абы и щхьэусыгъуэу сэ слъагъур зыщ: си анэдэлъхубзэм си щхьэр игъэпсати аращ.

Илъэситху нэужьым курыт щIэныгъэ щызэзгъэгъуэтыну дин еджапIэм сагъэкIуати, абы нэмыцэбзэ, хьэрыпыбзэ, персыбзэ дыщрагъэджащ. Хьэлэмэтращи, си ныбжьэгъу тырку щIалэхэм сыхьэтитIкIэ ерагъкIэ зыгурагъаIуэр, сэ сыхьэт иримыкъум къэзубыдырт. Сэ сыгубзыгъащэу аратэкъым. ЕгъэджакIуэм псалъэуха гуэр хьэрыпыбзэкIэ къыдитамэ, тырку щIалэхэм ар зрагъэпщэну яIэр я анэдэлъхубзэм и закъуэт, сэ адыгэбзэми зэрезгъапщэм и фIыгъэкIэ нэхъ щIэхыу къэзубыд хъуащ. Ди адыгэбзэм макъ куэд зэрыхэтым папщIэ нэгъуэщI бзэхэр нэхъ тыншу къэспсэлъыфырт.

ЦIыхум и генетикэр илъэс щэ бжыгъэкIэ зэфIоувэ, ар лъым хэту къекIуэкI гуэрщ. Сабийр къызэрыхъур а генетикэм тетущ. Абы и анэдэлъхубзэр ебгъэгъуэтыжмэ, щIэныгъэми бзэхэми хуэIэрыхуэ мэхъу. А генетикэм къемызэгъ епщIэми, къыпхуигъэгъунукъым. Ди къуажэм щыщу нэхъапэ еджакIуэ ягъэкIуар сэ си ныбжьхэрати, дэ тхуэдэу я бынхэр ирагъэджэну куэд щIэхъуэпсырт. Зыгъэпсэхугъуэ зэманым къуажэм сыкIуэжмэ, адэ-анэхэр я сабийм тыркубзэкIэ епсалъэу слъагъурт. «Мыр едгъэджэнущи, и бзэр адыгэбзэм едмыгъэкъутэу занщIэу тыркубзэр идогъащIэ», - жаIэрт. «ЩIалэр фогъэунэхъу» щыжысIэкIэ, къызэдаIуэртэкъым. Фи фIэщ зэрыхъун, абыхэм ящыщу зыми университет къахуэухакъым. Дэ ди ныбжьхэр къанэ щымыIэу университетым дыщеджащ. Уи сабийр нэхъыфIым хуэкIуэну ухуеймэ, япэ илъэситхум и анэдэлъхубзэм фIэкIа зэхебгъэх хъунукъым. ИтIанэ сыт хуэдэ бзэри къыхуэщтэжынущ.

**- Литературэр фIыуэ зэрыплъагъум дыщыгъуазэщ, художественнэ тхыгъэ куэд зэбдзэкIащ. Нобэрей лъэпкъ литературэм сыт хуэдэ зыужьыныгъэ иIэу къэплъытэрэ?**

- Литературэм зиужьын щхьэкIэ зэныкъуэкъу хэлъын хуейщ. Апхуэдэу щытын папщIэ цIыхухэм я щIакхъуэ Iыхьэр а IэнатIэм къыхахыфу щытыпхъэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, социализмэр зэрылъалъэрэ тхакIуэхэм яхуэфащэ пщIэ яIэжкъым. Иджы къыдагъэкI тхылъхэм я куэдагъыр нэхъыбэ дыдэу 500 хъууэ аращ. Япэм мин нэхъ мащIэ традзэртэкъым. ИтIанэ, цIыхухэми адыгэбзэр къазэрегугъуэкIым къыхэкIыу тхылъ къащэхуркъым. Апхуэдэу щыхъукIэ, анэдэлъхубзэкIэ тхэну хуейхэри нэхъ мащIэщ, абы и зэранкIэ, ди литературэм хуэмурэ зиужьу къызолъытэ. Литературэм щIалэгъуалэ куэд къыхыхьэн хуейщ, ауэ ахэри ди мащIэщ.

Бзэр цIыхухэм фIыуэ едгъэлъагъумэщ тхакIуэхэри дыщиIэнур. Узэхамыхынумэ, сыт ущIэпсэлъэнур? ЩIалэгъуалэр тебгъэгушхуэмэ, КIыщокъуэ Алим хуэдэ къахэкIынкIи хъунщ. Дауэ зэрытедгъэгушхуэнур? Я тхылъхэр куэду теддзэн, цIыхухэм етщэн, я IэщIагъэм и хьер едгъэлъагъун хуейщ. Абы нэмысауэ литературэм зиужьынукъым, уеблэмэ екIэкIуэнкIи шынагъуэ щыIэщ.

**- Лъэпкъым теухуауэ сыт хуэдэ гуныкъуэгъуэ уиIэ?**

- Ди щIэблэм адыгэ гъэсэкIэ едмыту къонэ. Сыт абы щхьэкIэ тщIапхъэр? Лъэпкъ зэкъуэхуар зы щIыжын хуейщ. Армырамэ, ди пIэ диуджыхьу, е нэхъ икIэжращи, декIакIуэу дыпсэуну аращ. Хэхэсми хэкурысми я унафэр хэкуращ щащIын хуейр. Хэкум исхэр емыджэмэ, хэхэсхэр езырезыру тегушхуэу къэкIуэжынукъым. Дэтхэнэ зы хэкурыс унагъуэми и унэкъуэщ къигъуэту хэкум къишэжыну пщэрылъ зыщищIыжын хуейщ. Унагъуэхэм я закъуэкIэ зэфIэха хъуну къыщIэкIынкъым мы Iуэхушхуэр, къэрал унафэщIхэри къыхыхьапхъэщ. Адыгэхэр куэду щыпсэу республикищми гъэ къэс унагъуэ бжыгъэ гуэр хэкум кърагъэблэгъэжыну къалэн зыщащIыжмэ, ар Iуэхум и щIэдзапIэфI хъуну къызолъытэ. Мис абы щыгъуэ къэкIуэжыну тегушхуэхэри нэхъыбэнут.

Пэжым ухуеймэ, лъэпкъыр зы хъужыным и IуэхукIэ зэзэмызэ си гур мэкIуэд. Илъэс щэ никъуэм нэблэгъауэ а Iуэхум дэ дыхущIокъури, къэкIуэжахэм я бжыгъэр миным нэблэгъауэ си фIэщ хъуркъым. Сэ япэ дыдэ хэкум сыкъыщыкIуэжам, ар 70 гъэхэрат, Тыркур илъэс 30 хуэдизкIэ Совет къэралыгъуэм къыкIэрыхурт. Иджы-щэ? Тыркур илъэс щэ никъуэкIэ ди япэ ищащ. А псэукIэ зэпэщым къыхэкIыу хэхэсыр зэтшэлIэжыныр къалэн тыншкъым.

**- ХъуэпсапIэхэм я гугъу пщIымэ-щэ?**

- Хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуа ди лъэпкъэгъу нэхъыбэм хэкужьыр псэупIэ яхуэхъужыну, пэщIэдзэ классхэм предмет псори анэдэлъхубзэкIэ щрагъэджыну, къэрал IуэхущIапIэхэм адыгэбзэр хуиту щызекIуэну сыхуейт. Мис абы щыгъуэ ди адыгэ хэкум дригушхуэ хъунущ.

**- Ныбжьыр я щхьэусыгъуэу зи къалэныр зыщхьэщызыхыжхэм уазэрыщымыщыр дощIэ. ДяпэкIэ уи мурадхэм дыщыбгъэгъуэзамэ арат, Фахъри.**

- Тхыдэр, хабзэр, бзэр, диныр цIыхум пэжу къазэрыгурызгъэIуэным селэжьыну си гугъэщ. ЦIыхум и ягъэ екIыну дунейм зы дини теткъым. Псом яужь къэхъуа ислъам диным адрей псоми фIагъыу яхэлъар къызэщIикъуэжащ. Илъэс 40 ипэкIэ КъурIэныр усэ жыпхъэм иту зэдзэкIын щIэздзати, хэкум щызэрадзэкIауэ щызэхэсхым, «пIэщIэгъуэкъым» жысIэри, къэзгъэнэжауэ щытащ. Иджы ари нэзгъэсыжыну сыхуейщ. КъурIэныр тхылъ гъэщIэгъуэнщ. Абы и псалъэуха къэс мыхьэнэ зыбжанэ яIэщ. ЦIыху акъылкIэ гъэпсакъым ар, дунейм тет усакIуэшхуэхэр, тхакIуэшхуэхэр зэхуэшэси, апхуэдэ зыгуэри яхуэтхынукъым.

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**



**И ныбжьэгъухэр и гъусэу КъШР-м щохьэщIэ.** *1978 гъэ*



**И къуэш Муратрэ и шыпхъу Яшаррэ я бынхэр.** *1984 гъэ*

# илъэситхум и анэдэлъхубзэм фIэкIа зэхебгъэх хъунукъым

## Зы махуи пщIэншэу игъакIуэркъым

**«Сэ сыадыгэщ», - жаIэу уэрамым фэрыщIу дэтхэм ящыщкъым Хъуажь Фахъри. Абы и IуэхущIафэхэр и щыхьэтщ лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэр гуми псэми къазэрыбгъэдэкIыр. Фахъри пасэрей адыгэхэм яIа хьэл-щэным тетщ. Езым ищIэр игъэкуэдыну зэи пылъкъым, и къарури зэфIэкIри зыпэрыт Iуэхум хелъхьэ.**

МЫР къэбэрдейкъым е кIахэкъым жыпIэу гурыщхъуэ хуумыщIыну бзэхэр егъэшэрыуэ. Куэд дыдэм къащхьэщыкIыу уэсмэныбзэжьри ещIэ. УэсмэныбзэкIэ тха дэфтэрхэр зэредзэкI. Ар зыхузэфIэкIыр мащIэ дыдэщ, езы Тыркум щыпсэухэм я деж щегъэжьауэ. Бзэхэм я мызакъуэу, диным хещIыкI, абыкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ.

ЗэдзэкIыным хуэIэкIуэлъакIуэщ Хъуажьыр. Усэ дахэхэр екIуу адыгэбзэм къерегъэзагъэ. ЗэдзэкIыныр къызэрымыкIуэу Iуэху гугъущ, псом хуэмыдэу усэбзэр. Ар псалъэ хэплъыхьа хуэныкъуэщ, ауэ, итIани, а Iуэхур фIы дыдэу къохъулIэ.

Фахъри адыгэ здэщыIэ дэнэ щIыпIи щотынш. Адыгэ Iуэху дэнэ къыщаIэтми хэтщ, и гуащIэ Iыхьэ хилъхьэу. Езым и щхьэ Iуэху зэрыдэкIынкъым ар зи ужь итыр, атIэ лъэпкъым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ гуэр зэрыхуищIынырщ.

ЦIыху вэгъуэгъущ Фахъри, шыIэныгъэ зыхэлъщ. Абырэ сэрэ ди Iуэху еплъыкIэр щызэтемыхуэр бзэм ехьэлIауэ дыщыпсалъэкIэт. Хэхэс адыгэхэм нэхъыбэу гу зылъатэр ди бзэм урысыбзэ куэд къызэрыхыхьэрщ, Фахърии абыкIэ дигъэкъуаншэрт. Ауэ ар узыфIэмыкIыфын гуэрщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, урыс къэралыгъуэм ущыщыпсэукIэ, ухуей-ухуэмейми, а бзэм щыщ псалъэхэр къэпщтэнущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ езыхэми я бзэм тырку псалъэ куэд къыхыхьащ. Хъуажьым къелъытэ хэкум щыпсэухэм бзэр нэхъ къабзэу тхъумэжыфын хуейуэ. НэгъуэщI зыгуэркIэ дыщызэгурымыIуэ къэхъуркъым.

Фахъри илъэс 70 хъууэ фIэщщIыгъуейщ. Ауэ шэч къытезмыхьэу жысIэфынущ абы и зы махуи пщIэншэу зэримыгъэкIуар. «Зэманыр IуэхукIэ зыгъэнщIыфыр, аращ езыр зэманыр зейр», жиIащ ди усакIуэшхуэ КIуащ БетIал. Хъуажьыр зэманыр зейхэм ящыщщ. Тхьэм кIыхь хуищI и зэманыр!

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

## Хъуажь Фахъри

**Сопсэу,**
**«Балигъ» цIэ ткIийр зыфIэсщыжауэ,**
**Сритхьэмадэу зы унагъуэ цIыкIу.**
**Тынш тхьэмадэныр?**
**Къызожыхь сешауэ:**
**Унагъуэ зезыхьэфхэм зызогъэкIу.**

**Шхын, щытIэгъэн, лэжьапIэ... -**
**Iуэху къиинхэм**
**Сакъыдэмыхуэу схьауэ махуэ кIыхь,**
**Пщыхьэщхьэм согъуэлъыжри -**
**Мурад инхэу**
**Куэд щIауэ сигу щызгъэфIхэм**
**СопщIыхь.**

**Абдеж къоувэж си пащхьэм IупщIу**
**И мыхьэнэр сыпIащIэу сыщIэпсэум.**
**Iуэху жыгъейхэм**
**Мурад инхэр къыхагъащIэу**
**КъысфIощIри -**
**ПыIэпIэншэ мэхъур псэр...**

**Ди жьэгу къалэнхэр, шэч хэмылъу,**
**ЛъапIэщ.**
**Дэ дытыншынущ ди унэр хуабэху.**
**Ауэ дыщыхэсынур дэ насыпым,**
**Мы щIылъэм щызетхьэхукIэщ**
**Ди лъэпкъ Iуэху.**

**Ар сэ зы махуи**
**Си гум измыгъэху.**

**БИЦУ Анатолэ.**
*Истамбыл. 1971 гъэ*

## Жыжьэ къыщреупщIэф

**Фахъри сэ зэрысцIыхур лъэпкъ Iуэхур сыт щыгъуи япэ изыгъэщ хэкупсэущ. Адыгэ Хасэм и зэхуэсыгъуэхэм къыщрагъэблагъэхэм деж, ди институтми къатшэрэ депсалъэу, хэхэсхэм я Iуэху зытетым дыщигъэгъуазэу щытащ.**

ФАХЪРИ цIыху еджащ, лъэпкъым и Iуэху щызэрихуэкIи жыжьэ къыщриупщIэфу апхуэдэщ. Абы бгъэдэлъ щIэныгъэр ди институтым и лэжьыгъэмкIэ икъукIэ щхьэпэщ. Фахъри тыркубзэр фIыуэ ещIэ, абазэхэ, бжьэдыгъу, къэбэрдей диалектхэр Iурылъщ.

«ЩIэныгъэ тхыгъэ хъуну пIэрэ?» - жиIэри и IэдакъэщIэкI гуэр иджыблагъэ къызитати, ар зэрыгъэпсамрэ абы и купщIэмрэ сымыгъэщIэгъуэн слъэкIакъым. АбыкIэ иджыри зэ хьэкъ сщыхъуащ абы щIэныгъэшхуэ зэриIэр.

Си щхьэкIэ апхуэдэ лэжьэгъу дызэриIэм срогушхуэ. Институтым ди пэшхэр зэпэгъунэгъущи, дызэкIэлъыкIуэ, дызэпсэлъылIэ зэпытщ. И гур къабзэу, и нэгур зэIухауэ апхуэдэщ сытым дежи.

Хэкум щыпсэун гуращэ иIэу къэкIуэжащи, Тхьэм гу щригъахуэ!

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

## ХЪУАЖЬ Нэжан: Си адэр цIыху гумызагъэщ

- Си адэм и гъащIэри и гупсысэри адыгэ хабзэм, щэнхабзэм, лъэпкъым хуэунэтIа зэпытщ.

Ауэ щыхъукIи, абы хузэфIэкIырт дэри гулъытэншэ димыщIу, адэм и лъагъуныгъэр зыхыдигъащIэу дигъэпсэун. Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ ди жьэгу пащхьэм щигъэпэрыту, дэри, и бынхэр, абы дытету дызэрыпсэуным дыкъыхуриджэу апхуэдэщ сытым дежи. Си адэр цIыху гумызагъэщ, и гур къитхьэщIыкIауэ и лъэпкъым хущытщи, абы хуищIэмкIэ зигъэнщIыркъым.


Хьэнфэн Алим, Хъуажь Фахъри, ХьэдэгъэлI Аскэр, ТIэш Ясин *сымэ.* *Черкесск, 1992 гъэ*



Анкара. Анэдэлъхубзэ щIэнIуатэм къыщопсалъэ. *2006 гъэ*


И ныбжьэгъухэм яхэту. *2005 гъэ*

## И зэфIэкIыр лъэныкъуэ куэдкIэ згъэунэхуащ

**1991 гъэм екIуэкIа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ Конгрессым Тыркум къикIыу къытхуеблэгъа гупым Фахъри яхэтауэ щытащ. Абы щегъэжьауэ ар соцIыху. Адыгэгу зэриIэм, щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым, и анэдэлъхубзэр фIыуэ зэрищIэм сыщыгъуазэщ. Пэжым ухуеймэ, Фахъри сэрэ нэхъыбэу дыщызэрихьэлIар ДАХ-м и тхьэмадэу сыщыщыта лъэхъэнэрщ. Абы щыгъуэм къызэдгъэпэща зэхыхьэхэм Фахъри и зэфIэкIыр щызгъэунэхуащ.**

ЛIЭЩIЫГЪУЭ плIанэр мащIэкъым цIыху кърипцIыхуну. Институтым и тхьэмадэу сыщагъэувам, Фахъри ди деж щылажьэрт. Дэ тхузэфIэмыкI лэжьыгъэщ Хъуажьым зэфIигъэкIыр. Ди лъэпкъым теухуа тхыгъэ куэд Тыркум къыщыдэкIауэ щыIэщи, ахэр зэредзэкI. 1920 гъэм Бажэ Зихьни адыгэхэм я псэукIэмрэ хабзэмрэ теухуа тхылъ Тыркум къыщыдигъэкIауэ щытащ. Хэхэс гъащIэр ди лъэпкъэгъухэм зэрагъэунэхурэ илъэс 50 нэхъ дэмыкIауэ, дунейм къытехьа тхылъ гъэщIэгъуэныр къыдэдгъэкIыжыну дгъэхьэзыращ, абы и хэзыгъэгъуазэр зытхар Фахърищ. Нало Заур, КхъуэIуфэ Хьэчим, Бэрэздж Барэсбий сымэ нэхъапэм зэлэжьа «Гъуазэ» газетым и къыдэкIыгъуэ псори абы тхузэригъэпэщыжащ. Сосрыкъуэ и хъыбарыр хэхэс адыгэхэм фIыуэ зэрамыщIэм иригузавэрти, а нарт лIыхъужьым и циклыр къэбэрдеибзэ, тыркубзэ, абазэхэ диалектхэмкIэ Тыркум къыщыдигъэкIащ.

Фахъри и щIэныгъэм махуэ къэс зэрыхигъэхъуэным яужь итщ. Апхуэдэу урысыбзэр нэхъыфIыжу зригъэщIэн гуращэ зэриIэр къыщызжиIэм, университетым и ректорым сыгурыIуэри, тхьэмахуэм тIэу абы кIуэурэ урысыбзэр иджащ.

Ди институтым Фахъри пщIэшхуэ щиIэщ. И пщIэмрэ и щIыхьымрэ хэхъуэу псэуну, езым фIэфIу икъукIэ лэжьыгъэ щхьэпэ зэфIехри, нэхъыбэж къехъулIэну си гуапэщ.

**ДЗЭМЫХЬ Къасболэт,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI.*

**Хамэ къэрал къыщалъхуахэм ящыщу ди хабзэм, бзэм, тхыдэм теухуауэ нэхъыбэ дыдэ зыщIэхэм, лъэпкъым гуузлыуз хузиIэхэм ящыщщ Хъуажь Фахъри. ЩапIа къэралым лэжьыгъэшхуэ щызэфIигъэкIащ, иджы и гуащIэкIэ хэкужьми хуоупсэ.**

## ЦIыхур зрегъэдэIуэф

ЛЪЭПКЪ хабзэмрэ бзыпхъэмкIэ япсыхьа щIалэр щIэныгъэм хуэпабгъэу зэрыщытар и цIыхугъэхэм ноби жаIэж. «Акъылыр Iуэхум и лъапсэщ» адыгэ псалъэжьыр Фахъри деж щынаIуэщ. Лъэпкъым и тхыдэм фIыуэ щыгъуазэ адыгэлIыр абы и къэкIуэнум гупсысэх ищIащ. А щхьэусыгъуэращ ар япэ дыдэ хэкум къэкIуэжахэм яхэту къытхуэзышэжар.

Фахъри дэнэ щIыпIэ адыгэр щыхасэми Iэмал имыIэу кIуэнущ, и Iуэху еплъыкIэ къигъэлъэгъуэнущ, чэнджэщ яхилъхьэнущ. ИпэкIэ плъэ нэхъыжьыфIщ, псалъэм и къарур ещIэ, цIыхур зрегъэдэIуэф. Абы папщIэ щIэныгъэ ббгъэдэлъкIэ зэфIэкIыркъым, акъыл уиIэн, гъащIэм ухуэнабдзэгубдзаплъэу ущытыпхъэщ.

Фахъри и ныбжьыр илъэс 70 ирокъури, акъыл тIыса зиIэ а цIыху щыпкъэм и бын дыгъэм я хъер илъагъуу, и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэкъуэту псэуну сохъуэхъу. Лъэпкъым къытхуилэжь Iуэхухэм дяпэкIи къызэрыпищэн къару, гукъыдэж, зэфIэкI щымыщIэну ди гуапэщ.

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*


Фахъри и тхылъхэр.


«Истамбылак|уэ» спектаклым хэтхэм я гъусэу. *1978 гъэ*


Хэкум и лIыкIуэхэу Щомахуэ СулътIан, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КхъуэIуфэ Хьэчим сымэ хэхэсхэм яIуощIэ. *1971 гъэ. Анкара*

## И IэщIагъэкIи Адыгэщ

**Илъэс 45-м щIигъуауэ Хъуажь Фахъри сэрэ дызэныбжьэгъущ. Япэ дыдэ Тыркум кIуа гупым (сэ, тхакIуэ КхъуэIуфэ Хьэчим, органхэм я лэжьакIуэ Щомахуэ СулътIан сымэ) къытпежьахэм Фахърии яхэтащ. А зэманым ар Истамбыл дэт Ислъам институтым щеджэрт, «Къамышы» газетыр къыдигъэкIырт.**

АДЫГЭ лъэпкъым и гур хузэIухауэ и гъащIэ псор ирехьэкI абы. Ар къыщалъхуа Елэмэ къуажэр (абазэхэ жылэщ) бгы гъуанэм исщ. ЩIыпIэ къуейщIейм щыпсэуным пыща гугъуехьхэм къуажэдэсхэм я ерыщагъым, бэшэчыгъым хигъэхъуауэ жыпIэ хъунущ. ПщIэ лей яхуэфащэщ Хъуажь зэкъуэшхэм, я адэ-анэм я унэжьыр нобэми хуэсакъыу зэрахъумэм папщIэ.

Хъуажь Фахъри ящыщщ япэу Хэкум къэкIуэжауэ щытахэм, ауэ и унагъуэр зыхуей хуигъэзэн гуращэкIэ имыгъэзэжу хъуакъым. Иужьым и гур зыхуеIэм и лъэр щигъэбыдэжащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым абы хуищIэр псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым. Ар къэзыцIыхухэри абыкIэ акъылэгъу къыздэхъуну къысщохъу. Адыгэ литературэмрэ тырку литературэмрэ зэпыщIэным Фахъри и гуащIэшхуэ хилъхьащ. Мы зэманым МэшбащIэ Исхьэкъ и «Хэхэсхэр» романыр тыркубзэкIэ зэредзэкI. Жэрдэмышхуэ зиIэ икIи емызэш цIыхущ ар. Сыт хуэдэ Iуэху и пщэ илъхьи, Фахъри ар нэгъэсауэ зэфIигъэкIынущ.

Хъуажьыр щIэныгъэ лъагэ зиIэ, акъылышхуэ зыбгъэдэлъщ. Тыркум щыIэ тхылъ тедзапIэхэм ар апхуэдизкIэ и IэщIагъэм хуэIэижьу ялъытэри, абы и IэдакъэщIэкIхэр зэгурыIуэныгъэкIэ ящэхури, къыдагъэкI.

1991 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэр щызэхашэм щыгъуэ Фахъри Хэкум къэгъэзэжыным теухуауэ игъэIуа джэ макъыр нобэми сигу къинэжащ. Абы и жьэрыIуатэбзэр хуабжьу дахэщ, гупсысауэ, хэщыпыхьауэ мэпсалъэ. Анкара дэт Адыгэ Хасэм зыбжанэрэ и тхьэмадэу зэрыхахар Хъуажьым лъэпкъым и деж къыщилэжьа дзыхьым и щыхьэтщ. Фахъри лъэпкъ Iуэхум куэд къыхуигъэушащ.

Хъуажьым унагъуэ дахи иIэщ. Абы и щхьэгъусэ Дурие сэ фIыуэ соцIыхури, нэхъ унэгуащэфI уигъэлъыхъуэнщ жыхуаIэм хуэдэщ. Абыхэм адыгэ хабзэм щIапIыкIыу къагъэтэджа я быниплIми щIэныгъэ ирагъэгъуэтри, лъэ бydэкIэ гъащIэм хагъэуващ. Фахъри апхуэдэ щIыбагъ бydэ имыIамэ, хузэфIэкIым и Iыхьэ пщIани зригъэхъулIэфынтэкъым.

Фахъри ныбжьэгъу и куэдщ. Пэжщ, ар хэкум къэIэпхъуэжауэ иужькIэ Тыркум тригъэзэжын хуей зэрыхъуам щхьэкIэ губгъэн хуэзыщIахэри щыIэщ. Ауэ а псом дэнэ щащIэн а лъэбакъуэр ди къуэшым щичым зэрыта щытыкIэмрэ абы щхьэусыгъуэ хуэхъуа псомрэ. Абыхэм емылъытауэ, ар зыхуэпэж лъэпкъ Iуэхур ипэкIэ игъэкIуэтэну яужь итщи, и зэфIэкI мыкIуэщIу иджыри куэдрэ тхуэлэжьэну дыщогугъ.

Фахъри и IэщIагъэкIи Адыгэщ. Абы хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр зэрыкуум и псэукIэр щыхьэт тохъуэ. Iущщ, губзыгъэщ, сыт и лъэныкъуэкIи укъэзымыгъэщIэхъун адыгэлIщ. И Iуэхухэр дахэу, и узыншагъэр мыкIуэщIу илъэс куэдкIэ псэуну Тхьэм жиIэ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

**КЪАРДЭН Дурие**

### Кавказ жьыбгъэ

*Хъу. Ф.*

**Мыр Кавказым и жьыбгъэщ,**
**Къепщэнщ ар,**
**Зэм щIыIэтыIэу едэхащIэурэ гум,**
**ХэтIысхьэу куцI-купщIэм.**
**Ирихьэжьэнщи и толъкъуным хэсу,**
**Ихьыжынщ и хэкужьым хэхэсыр.**

**Зэми щIэпщэнщ**
**Iуащхьэмахуэ и сыджхэм пхъашэу,**
**Гъуэжькуийк|э зэрихьэу**
**КъыпэщIэхуэу хъуар,**
**Егупсысыжу**
**КъращIахэм,**
**КъэщIа-къэхъуахэм,**
**Зауэ мыгъуэжьым**
**Хуиузэду гужьгъэжьыр...**

**КъызэщIикъуэжынщ**
**Хэхэсыныр натIэ зыхуэхъуа бынхэу**
**Хамэ щIыпIэхэм щракъухьахэр.**

**Мыр ди лъэпкъ жьыбгъэщ:**
**Къепщэнщи, зыдихьыжынщ,**
**КъыIэщIитхъынщи**
**зэрыпхъуакIуэм**
**ЗыщIимыфу къела гуащIэхэр.**

**Зэми къепщэнщ зэхэзэрыхьауэ,**
**Зэм ижьырабгъурэ, зэм сэмэгуу...**
**Зэхишэжынщ**
**ЩIыпIэ хамэм**
**Лъэужьыншэу щыкIуэдхэр -**
**Хэхэс адыгэу мытхъэ-мыхъейхэр.**

**Мыр жьыбгъэ щIыIэ гъуркIщ,**
**Зэм къыщопщэ дыгъапIэм гурыхьу,**
**Зэми щхьэуз бзаджэ къыпхуехьыр,**
**Уи гупсысэ гуащIэхэр пхашынщи,**
**Трашэнщ гъуэгу мыпкIахэм,**
**КIуэдыпIэм и архъуанэм**
**къригъэлынщ**
**Уи Iэпкълъэпкъыр.**

**Мыр зы уэрэдщ,**
**Зы уэрэдщ мыр,**
**Гъыбзэу, гъыбзэм я гъыбзэжу.**

**Зэзэмызэ щIэуэнщи**
**Пшынэ Iэпэр,**
**ХэкIынщ пшыналъэм и псэр,**
**Я гур ириудынщ,**
**Къэнахэм яхуэмыгъэкIуэду.**

**Мыр зэм уаем и жьыбгъэщи,**
**ИгъэункIыфIыну щIопщэ**
**нэхулъэхэм,**
**Зэм гъащIэм хуохъури мазэхэ,**
**Гъыбзэ къахуреш Iуащхьэхэм.**

**Нэщхъейуэ Iуащхьэхэм**
**Нэпсыр къожэх уэсыпсу,**
**А Iуащхьэ жыжьэхэр,**
**ХамэщI щикъухьащи, мэужьыххэр.**

**Зэм нэщхъеигъуэщ гъащIэр,**
**Зэми щIэрыпсщ я гугъапIэр.**
**Адыгэ сабийхэм зэтрах напIэм**
**Къалъагъужыну пщэдджыжьыщIэ.**

**Къелауэ, нэсахэр жьы хъугъуэ**
**Фащэм здеплъхэм мэщыгъуэ,**
**Адыгэ джэгум и утыкум**
**Йоувэхэр зэIэпэгъуу.**

**Къафэм хуэзэша лъапэхэм**
**Я IутIыжыгъуэ дунейщ.**
**Къафэм и хуэмри гуапэщ,**
**Лъыр къэзыгъэплъщ ислъэмейр.**

**Мыри хэкIуадэм я зы уэрэду**
**Къыхэнэжынщ гъэдэ-щIыдэм.**
**Бзэр зытрах хэхэсым**
**КъриIуатэу и гупсысэр.**

**Хэку гъэзэжыным и гурыщIэщ,**
**Зэрыхъунур зыми ямыщIэу.**
*1977 гъэ*

### Дыгъэ къопс

**Дыгъэ къепсмэ, дунейр**
**зэщIогъэгъэж,**
**Дыгъэ къепсмэ, уэсым нэпс**
**щIегъэж.**
**Дыгъэпсым егъэхуабэ, ехьэху гур,**
**Дыгъэ къепсмэ, сэбийхэр**
**мэджэгур.**
**Дыгъэр къепсмэ, ди гъатхэр**
**къощ ди нэгу,**
**Сабиигъуэм догъэзэжыр**
**шыгъэджэгу.**
**Дыгъэ къепсмэ, гуфIэгъуэщ**
**махуэр,**
**ГъащIэр нэхущ.**
**Дыгъэр къепсмэ, кIыфIхэр**
**егъэнэху.**

